# TÚRKIY TILLERINDE SÓZ JASALÍWDÍ ÚYRENIW TARIYXÍNAN

***P.A. Najimov,***
*филология илимлериниң докторы, профессор*
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew instituti, Nókis qalası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.18903449

***Аннотация.*** *Статья посвящена истории изучения словообразования в тюркологии. В ней дан анализ научно-исследовательских работ, которые были опубликованы до настоящего времени. Автор рассматривает словообразование как самостоятельный, особый раздел языкознания. В языкознании вообще, а в тюркологии в частности, такой подход к данной проблеме применяется широко.*

***Abstract.*** *The article is devoted to the history of the studying word formation in Turkic studies. It analyzes the research works that have been published until now. The author considers word formation as an independent, special branch of linguistics. This approach to the problem is widely used, in generally, in linguistics, particularly in Turkology.*

***Таяныш сөзлер:*** *сөз жасалыў, морфология, сөз жасалыў усыллары, тюркологиялық мектеп, сөз жасаў тийкары, дөренди сөз.*

***Ключевые слова:*** *словообразование, морфология, способы словообразования, тюркологическая школа,основа словообразования, производное слово.*

***Keywords:*** *word formation, morphology, methods of word formation, Turkological school, the basis of word formation, derived word.*

Túrkiy tillerinde sóz jasalıwın jańa sózlerdiń jasalıw usılları haqqındaǵı ilim sıpatında izertlew erte dáwirlerden-aq tilshi alımlardıń dıqqat orayında bolıp keldi. XI-XIV ásirlerde-aq túrkiy tillerin úyreniwge baǵıshlanǵan bir qatar miynetlerde Maxmud Qashqariy sózliginde, hár qıylı ásirlerde arab tilinde jazılǵan grammatikalıq traktatlarda sóz jasalıw usılları hám quralları haqqında qısqa-qısqa maǵlıwmatlar keltirip ótiledi. Orta ásirlerdiń ullı shayırı Álisher Nawayı da óz dáwirindegi eski ózbek tiliniń grammatikalıq qurılısı hám sóz jasalıw texnikası haqqında birqansha maǵlıwmatlar qaldırǵan. XIX ásirde basıp shıǵarılǵan túrkiy tilleri grammatikalarında, altay tili grammatikasında burıńǵı grammatikalıq dereklerge salıstırǵanda birqansha kóbirek sóz jasawshı morfemalar keltirilgen. XIX ásirdiń aqırları hám XX ásirdiń baslarındaǵı Melioranskiy, Katanov, Radlov hám t.b. miynetlerinde ayırım morfemalar funkcional genetikalıq kózqarastan túsindirile basladı.

Sóz jasalıw tarawın izertlewde Rossiya tyurkologiyalıq mektebine tán ózgeshelikler usı máseleni úyreniwge baǵıshlanǵan dáslepki miynetlerden-aq kórine basladı. Olarda 1) sóz jasaw formalarınıń semantikasına baslı dıqqat awdarıladı; 2) sóz shaqapların úyreniwde sóz jasalıw máselelerine de toqtap ótiledi; 3) dórendi sózlerdiń jasalıwında sóz jasawshı tiykarlardıń áhmiyeti esapqa alınadı.

Sóz jasawshı tiykarlardıń tutqan ornı XX ásirdiń baslarında hám ortalarındağı tilshi alımlardıń miynetlerinde ayrıqsha izbe-izlikte izertleniledi. Sóz shaqapları haqqında táliymatlarğa baylanıslı sóz jasawshı formalardıń túsindiriliwi V.V Radlov tyurkologiyalıq mektebi wákilleriniń ilimiy-izertlew jumıslarınıń dıqqat orayında boldı [Sevortyan, 1966].

Dórendi sózlerdiń jasalıwı morfologiya boyınsha konkret sóz shaqaplarınıń túsindiriliwinde ayrıqsha qarap ótiledi. Bul haqqında bahalı mağlıwmatlar A.N.Samoylovich, V.A.Gordlevskiy, N.P.Dırenkova, Λ.K. Borovkov, V.M.Nasilov, L.N. Xaritonov hám basqalardıń miynetlerinde orın aladı.

Sóz jasalıw máslelelerin úyreniw, ásirese, XX ásirdiń 50-60-jıllarında ayrıqsha jedellesip, tereńirek úyrenile basladı. Tyurkologiyada óz usılları hám qurallarına iye ayrıqsha til bilimi tarawı sıpatındağı sóz jasalıw máselelerine birinshilerden bolıp N.K.Dmitriev, N.A.Baskakov, A.N.Kononovlardıń izertlew jumıslarında túrkiy tillerindegi sóz jasalıw máseleleri ilimiy izertlew obyekti sıpatında qabıl etildi.

Sóz jasalıwdıń ulıwmalıq teoriyasınıń qáliplesiwine túrli sistemadağı tillerdi izertlewshi qánige alımlar ózleriniń salmaqlı úlesin qosıp keldi. Rus til biliminde V.V. Vinogradov, E.A.Zemskaya, E.S.Kubryakova, V.V.Lopatin, I.Moiseev, V.N.Nemchenko, Λ.N.Tixonov, Í.S.Uluxanov, N.M.Shanskiy, M.N. Yanceneckaya hám t.b., german til biliminde M.D. Stepanova, O.D. Meshkov, R.Z.Muryasov hám basqalardıń miynetleri belgili.

Tyurkologiyada bul máseleniń izertleniwine tiykar salğan tómendegi tyurkolog-alımlardıń: N.A.Baskakov, F.A.Ganiev, V.G.Guzev, A.G.Gulyamov, N.K.Dmitriev, A.J.Jsxakov, K.G.Ishbaev, A.T.Kaydarov, A.N.Kononov, B.Oruzbaeva, G.Sadvakasov, E.V.Sevortyan, M.A.Xabichev, A.Xajiev, A.M. Sherbak, A.A. Yuldashev hám t.b. izertlew jumısları úlken áhmiyetke iye.

Sóz jasalıw máselelerine turaqlı qızığıwshılıq turk lingvistlerine de tán ekenligi málim, «Zamanagóy túrkiy til bilimi, birinshi gezekte, sóz jasalıw máselelerine bağıshlanğan izertlewlerden baslanadı desek, asıra aytqan bolmas edi» [Sevortyan, 1966, 7-8]. Sóz jasalıw boyınsha materiallardı jıynaw hám olardı sistemalastırıw jumısların túrk tilindegi sóz jasalıw usılların hám qurallarıń izertlew jumısları menen birge baslay otırıp, túrkiy tilindegi ilimpazları ózleriniń dıqqat-itibarın úyrenilip atırğan tillik qubılıslardıń tariyxıy hám formalıq táreplerine qaratadı hám bunda semantikağa ayrıqsha itibar beriledi» [Sevortyan, 1966, 8]. Usı tendenciya túrk tili boyınsha házirgi dáwirdegi izertlewlerde de saqlanıp kelmekte.

Keyingi on jıllıqlarda (XX ásirdin aqırı XX ásirdiń basları) tyurkolog alımlar tárepinen ayırım túrkiy tilleriniń sóz jasalıwı boyınsha arnawlı ilimiy izertlew

jumısları alıp barılmaqta. Túrkiy tillerindegi sóz jasalıw proceslerin, onıń teoriyalıq tiykarların tereńlestirip úyreniw baslandı.

Sóz jasalıw procesiniń úyreniliwi sóz jasalıwdağı affiksaciya usılın izertlewden baslanǵan edi. Túrkiy, sonday-aq altay tilleriniń affiksaciyalıq sóz jasalıwı boyınsha izertlewler tiykarında dástúriy eki bağdar payda boldı. Birinshisi, sóz jasaw quralları menen olardıń mánilerin anıqlaw hám qollanılıw sheńberi menen tığız baylanıslı. Sonıń menen birge, ele jazıwı jas, az úyrenilgen hám jazıwı qáliplespegen tillerdegi sóz jasalıwınıń rawajlanıw jolların úyreniw dawam etpekte. Ekinshi bağdar bul máselede tuwıs hám tuwıs emes tillerdi Salıstırmalı tariyxıy izertlewdi óz ishine aladı. Bunda tiykarğı itibar affikslerdiń sırtqı tárepin, yağnıy olardıń fonetikalıq quramınıń rawajlanıwın úyreniwge qaratılǵan

Sońğı jıllarda salıstırmalı til bilimi kólemindegi izertlewler keń en jaymaqta. Túrkiy til bilimi tarawında sóz jasalıwdıń hárqanday tarawınıń izertleniliwinde qálegen bir túrkiy tiliniń ózinsheligi anıqlanılıp, ol genetikalıq jaqtan tuwıs yamasa tuwıs emes tillerdegi sáykes qubılıslar menen salıstırılıp anıqlanadı. Bunda da kóbirek affiksaciya usılı salıstırmalı izerteleniwge tartıladı.

Affikslerdiń funkcional-semantikalıq evolyuciyasın úyreniw jańa bağdarlardıń biri sıpatında qaralmaqta. Bul affiksler semantikasınıń anaw yaki mınaw túriniń yamasa onıń funkciyasınıń (sóz jasawshı, forma jasawshı, sóz ózgertiwshi) kem-kem ózgeriwi menen baylanıslı [Charekov, 1989, 6-7]. SL. Charekov tárepinen evenk hám buryat tilleri materialları tiykarında sóz jasawshı, forma jasawshı, sóz ózgertiwshi affikslerdiń altay tillerindegi funkcional-semantikalıq evolyuciyası izertlengen (Charekov, 1989).

Túrkiy tillerinde sóz jasalıwdı teoriyalıq aspektte analizlew kóplegen tyurkolog alımlardıń tiykarğı izertlew obyektine aylandı. Bul wazıypalardı sheshiwde EV Sevortyan, N.A. Baskakov, M.A.Xabichev, B.Oruzbaeva, FA.Ǵaniev, K.G.Ishbaev hám t.b. belgili dárejede bahalı nátiyjelerdi qolǵa kirgizdi.

Sońğı waqıtlarda sóz jasalıwı mashqalasınıń sheshiliwine belgili dárejede úles qosa alatuǵınday bahalı izertlew jumısları payda boldı. I.M.Tarakanova tárepinen genetikalıq jaqtan tuwıs, túrkiy tilleriniń hár qıylı klassifikaciyalıq kishi toparlarına kiretuǵın tiller menen xakas tilinde atlıq sózlerdiń jasalıwın salıstırma izertlew arqalı xakas sóz jasalıw sistemasınıń ózine tán belgileri ashıp berilgen. Ol atlıq sózlerdiń affiksaciyalıq hám leksika-semantikalıq usıllarda jasalıw ózgesheliklerin, sonday-aq konversiya usılında, sóz qosılıw hám sóz dizbekleriniń leksikalizaciyalanıwı arqalı atıq sózlerdiń jasalıwın túsindirip beredi. Onda ayrıqsha dıqqar affiksaciyalıq sóz jasalıw usılı, dórendi atlıqlardıń tiykarğı mánilerin ashıp beriw, xakas, yakut hám túrk tillerindegi atlıq jasawshı affikslerdi salıstırıp úyreniw, affikslerdi shığısı boyınsha

ajıratıp kórsetiw hám olardıń xakas tilinde atlıq sózlerdi jasawdaǵı xizmetlerin anıqlawǵa qaratıladı.

A.V.Kolesnikova tárepinen altay tilinde feyillerdiń affiksaciyalıq usılda jasalıwı, altay hám eski túrk tilindegi feyil jasawshı affiksler salıstırmalı izertleniledi, sonday-aq usı tillerdegi affiksaciyalıq usıl menen feyil jasawda ushırasatuǵın morfologiyalıq qubılıslar salıstırıladı Altay tilindegi dórendi feyiller struktura-semantikalıq planda salıstırılıw menen birge, olardıń sóz jasaw úlgileri tiykarındaǵı mánileri ashıp beriledi.

Túrkiy tilleriniń arasında sóz jasalıw sisteması jaqsı izertlenilgen ayırım tillerdi ushıratıwǵa boladı. Olar qatarına eski túrk tili, ázerbayjan, ózbek, tatar, bashqurt, qarayım, qırǵız hám qazaq tillerin atap ótiw múmkin. Olarǵa sózlerdiń morfemalıq hám sóz jasalıw strukturası, sóz jasalıw usılları, sóz jasawshı morfemalardıń kelip shıǵıwı hám mánisi, dóretiwshi tiykarlardıń kategoriyalarǵa tiyisliligi hám mánisi, barlıq sóz shaqaplarına tiyisli dórendi sózler jaqsı izertlenilgen. Sonday-aq, morfonologiyalıq hám semasiologiyalıq sıpatqa iye bir qatar qubılıslar túsindirilgen hám t.b.

Túrkiy tillerinde sóz jasalıwı boyınsha jumıslarda túrkiy tilleriniń ózara jaqınlılıǵı hám ayırmashılıqları qarap ótiledi. Túrkiy tilleri sóz jasawshı affiksleriniń quramı, sóz jasaw usılları hám quralları boyınsha, sonday-aq, ayırım sóz jasaw modelleri boyınsha da óz-ara jaqın. Tiller aralıq ayırmashılıqlar sóz jasawshı affikslerdiń sanı hám quramı, olardıń ónimdarlılıǵı hám sırttan ózlestirilgen affikslerdiń sanına, qaysı tillerden ózlestirilgenligine qaray, birdey sóz jasawshı affiksten jasalǵan sózlerdiń hár qıyı tillerdegi semantikasına qaray anıqlanıwı múmkin.

Izertlewshilerdiń tastıyıqlawınsha, túrkiy tilleriniń sóz jasalıw sisteması basqa tillerdegi sóz jasalıw qubılısları tásirinde de bir qansha ózgerislerge ushıraydı. Máselen, arab, mongol, rus hám t.b. tillerdiń tásirleri túrkiy tilleriniń sóz jasalıw sistemasında sezilerli dárejede bayqaladı. Mısalı, yaqut tilinde mongol tilinen kirgen atawısh sóz shaqapların jasawshı 34 affiks bar ekenligi, túrk tilinde bolsa arab-parsı tiline tán sóz jasawshı 32 formantlar bar ekenligi anıqlanǵan,

Basqa tillerdiń tásiri túrkiy tillerinde sóz jasalıwdıń leksikalıq bazasınıń keńeyip barıwın támiyinleydi, olardıń morfemalıq toplamın bayıtıp baradı, bir túbirli sózlerdiń sóz jasawshı qatnasıqlarınıń túrleriniń kóbeyiwine alıp keledi. Bulardıń hámmesi túrkiy tilleriniń sóz jasalıwı sistemasınıń sezilerli dárejede alǵa ilgerlewine alıp keledi.

Usı tarawda belgili jetiskenliklerdiń orın alıwına qaramastan, túrkiy tillerinde sóz jasalıwına tiyisli kópshilik máseleler ele de tereńirek úyreniwdi talep etpekte. Sóz

jasalıwı boyınsha miynetlerde máselege morfemalıq kóz-qarastan jantasıw kúshli, al bir túbirli sózlerdiń sóz jasalıwǵa baylanıslılıǵı qaralmaydı.

Jaqın waqıtlarǵa shekem tyurkologiyada sóz jasalıwǵa tiyisli eń áhmiyetli túsinikler: sóz jasawshı qatnaslar, motivatsiyalıq baza, dóretiwshi tiykar, dórendi tiykar, sóz jasawshı tip, sóz jasawshı birlikler hám t.b. qollanılmay keldi.

Barlıq túrkiy tilleri ushın aktual máseleler qatarına dórendi emes hám dórendi sózlerdiń tolıq jıynaǵın anıqlaw, olardıń hárbir sóz shaqabına tiyisli san muǵdarın anıqlaw, hár bir sóz shaqabına tiyisli dórendi sózlerdi tolıq klassifikaciyalaw máseleleri kiredi.

Sóz jasalıwdı belgili tyurkolog alımlar N.P. Dırenkova, N.K.Dmitriev, N.A. Baskakov, T.M.Garipov, G.S.Sadvakasov, hám t.b. bir qansha alımlar morfologiyanıń bir tarawı sıpatında qaraydı. Túrkiy tillerindegi morfologiyaǵa tiyisli ádebiyatlarda da sóz jasalıw ayırım sóz shaqaplarına arnalǵan baplar ishinde úyrenilgen.

Degen menen, sóz jasalıw máselesin izertlewine baǵıshlanǵan jumıslardıń kóp sanlı ekenine qaramastan, olarda túrkiy tillerindegi sóz jasalıw máseleleri bir qansha dárejede úyrenilse de, sóz jasalıw teoriyası tolıq jetilistirildi dep aytıw qıyın. Bunnan tısqarı, ayırım túrkiy tillerinde sóz jasalıwdıń geypara aspektleri birgelki úyrenilmegen. Birinshiden, leksemalardıń morfemalıq quramı haqqında ol yaki bul dárejede jeterli túsinik júrgizilmegen túrkiy tili derlik joq. Lekin, ekinshiden, kópshilik túrkiy tillerdiń sóz jasalıw sisteması haqqında tolıq izertlewler júrgizilmegen. Olardıń qatarına qaraqalpaq tili de kiredi.

Qaraqalpaq tilindegi sóz jasalıw máseleleri tuwrali sóz etiwshi dáslepki miynetler XX ásirdiń ekinshi yarımında payda bola basladı. NA. Baskakovtıń «Qaraqalpaq tili. II tom, 2 bólim. Fonetika hám morfologiya» [N.A.Baskakov, 1952] miynetinde 36 sóz jasawshı affiks keltirilgen bolsa da, qaraqalpaq tilindegi sóz jasalıw qubılısı oǵada az, sheklengen kólemde, hárbir sóz shaqabı ishinde qaraladı.

Joqarı oqıw orınları talabalarına arnalǵan «Házirgi qaraqalpaq tili» sabaqlıǵında da [1981] sóz jasalıw máselesi belgili bir sóz shaqabına baylanıslı qarastırıladı.

Qaraqalpaq tilindegi sóz jasalıw máselelerine baǵıshlanǵan birqansha ilimiy-izertlew jumısların atap ótiwge boladı. Olarda, tiykarınan, sóz jasalıwdıń ayırım bir usılı ǵana izertlew obyekti etip alınǵan. Máselen, A.Najimov [1979] jup sózler, A. Bekbergenov [1974) qospa sóz A.Aymurzaeva [1992] sóz shaqaplarınıń substantivlesiw máselelerin qarap shıǵadı.

«Házirgi qaraqalpaq ádebiy tiliniń grammatikası» [1994] atlı miynette sóz jasalıw máselesi til biliminiń óz aldına bir taraw sıpatında qaraladı.

P.A.Najimovtıń doktorlıq diccertaciyası qaraqalpaq tiliniń sóz jasalıw sistemasın teoriyalıq jaqtan analizlewge qfrftılғan. Onda sóz jasaw usılları, sóz jasalıwdıń birlikleri hám kompleks birlikleri házirgi dáwir til bilininiń jetiskenliklerine tiykarlanıp ján jaqlama tallanadı [Najimov P.A., 2019].

Házirgi ilimiy-teoriyalıq miynetlerde sóz jasalıwdı til biliminiń óz aldına ayrıqsha tarawı sıpatında tán alıwshı kózqaraslar keń tarqalmaqta. Mısalı, germanistika boyınsha, O.D. Meshkov, rus til bilimi boyınsha B.S.Kubryakova, E.A.Zemskaya, V.N.Nemchenko, A.N. Moiseevlardıń izertlewleri usılar qatarına kiredi. Tyurkologiyada bul kózqarastıń tárepdarları sıpatında F.A.Ganiev, A.Xajiev. A.N.Kononov, N. Oralbaeva, M.V.Zaynullin, K.G.Ishbaev, I.M.Tarakanova, A.V.Kolesnikova, E.A.Andreeva hám basqa da alımlardı atap ótiw múmkin.

Solay etip, qaraqalpaq tili boyınsha oqıw hám ilimiy ádebiyatlardıń analizi tómendegilerdi kórsetedi: qaraqalpaq tiliniń sóz jasalıwı boyınsha ayırım máseleler belgili bir dáwir ishinde qarap shıǵılǵanı menen, sóz jasalıw óz aldına ilim tarawı sıpatında teoriyalıq tiykarda islep shıǵılǵan joq, sóz jasalıw sisteması izbe-iz puxta analizlenbegen, bul máselelerge baǵıshlanǵan miynetler sanı oǵada az.

**Ádebiyatlar:**

1. Аймурзаева А. Қарақалпақ тилиндеги келбетлик ҳәм келбетлик фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис. Билим. 1992
2. Баскаков Н.Л. Каракалпакский язык. к. II, часть 1. Фонетика и морфология. М., 1952.
3. Бекбергенов А. Каракалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис. Қарақалпақстан. 1979.
4. Гарипов Т.М. Башкирское именное словообразование. Уфа, 1959.
5. Нажимов А. Жуп сөзлер. Нөкис. Қарақалпақстан. 1979
6. Нажимов П.А. Қарақалпақ тилиниң сөз жасалыў системасы. Нөкис, «Илим», 2019
7. Севортян Э.В. Аффиксы именного словообразования в азербайджанском языке: Опыт сравнительного исследования. М., Наука, 1966, с.437.
8. Чареков С.Л. Функционально-семантическая эволюция суффиксов в алтайских языках (на материале эвенкийского и бурятского языков). АДД Л., 1989. 34.
9. Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис, “Қарақалпақстан”. 1981.
10. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Нөкис, “Билим”, 1994.